



**FLORIDA DEPARTMENT *of*
ECONOMIC OPPORTUNITY**

**Eta Florid
Depatman Opòtinite Ekonomik
Program Asistans Reyanbochaj**

Asistans Reyanbochaj Manyèl



Enfòmasyon sa pral ede ou konprann dwa ak responsabilite ou pandan ou fè demann pou benefis Asistans
Reyanbochaj Florid la

Gen èd ak sevis ki disponib sou demann pou moun ki andikape

Sevis TTY pou moun ki gen pwoblèm pou tande disponib sou Sevis Florid relè a (FRS): 711

ENGLISH :

This document contains important information, dates, or eligibility status regarding your Reemployment Assistance claim. It is important for you to understand this document. This document is available in Spanish and Creole at http://floridajobs.org/Unemployment/bri/BRI_Spanish.pdf for Español or http://floridajobs.org/Unemployment/bri/BRI_Creole.pdf. If you do not read or understand Spanish, English, or Creole, call 1-800-681-8102 for free translation assistance regarding your Reemployment Assistance claim.

FRENCH / FRANCAIS :

Le présent document contient des informations importantes, dont des dates ou le statut d'éligibilité relatif à votre demande d'aide au réemploi. Vous devez absolument en comprendre les tenants et les aboutissants. Si vous ne lisez ni ne comprenez l'anglais, veuillez composer le numéro de téléphone 1-800-681-8102 pour obtenir une traduction gratuite par rapport votre demande d'aide au réemploi.

SPANISH / ESPAÑOL :

Este documento contiene importante información, fechas, o estado de elegibilidad con respecto a su solicitud de Asistencia de Reempleo. Es importante que usted comprenda este documento. Este documento está disponible en Español http://floridajobs.org/Unemployment/bri/BRI_Spanish.pdf. Si no lee o entiende Inglés, llame al 1-800-204-2418 para asistencia de traducción gratuita en relación con su solicitud de Asistencia de Reempleo.

ITALIAN / ITALIANO :

Questo documento contiene informazioni importanti, date o stato di idoneità relativi alla richiesta di reimpiego. È importante comprendere questo documento. Se non legge o comprende l'inglese, chiamare il numero 1-800-681-8102 per assistenza gratuita alla traduzione a proposito della richiesta di reimpiego.

GERMAN / DEUTSCHE :

Dieses Dokument enthält wichtige Informationen, Daten oder Berechtigungsstatus hinsichtlich Ihrer Wiedereinstellungshilfsanspruchs. Es ist wichtig für Sie, dieses Dokument zu verstehen. Falls Sie Deutsch nicht verstehen oder nicht lesen können, wenden Sie sich für eine kostenlose Übersetzungshilfe hinsichtlich Ihres Wiedereinstellungshilfsanspruchs an 1-800-681-8102.

SERBIAN / SRPSKI :

Ovaj dokument sadrži važne informacije, datume ili dostupnost vezano za Vaš zahtjev za pomoć kod ponovnog zapošljavanja. Važno je da razumijete ovaj dokument. Ako ne možete pročitati ili razumjeti engleski jezik, pozovite 1-800-681-8102 za besplatnu pomoć s prijevodom vezano za vaš zahtjev za pomoć pri ponovnom zapošljavanju.

BOSNIAN-CROATIAN / BOSANSKI-HRVATSKI :

Ovaj dokument sadrži važne informacije, datume ili status kvalificiranosti po pitanju vašeg traženja podrške pri ponovnom zapošljavanju. Za vas je važno da razumijete ovaj dokument. Ako ne možete čitati ili razumjeti engleski, pozovite 1-800-681-8102 da dobijete besplatnu pomoć pri prijevodu u vezi vašeg traženja podrške pri ponovnom zapošljavanju.

HAITIAN CREOLE / KREYÒL AYISYEN :

Dokiman sa a gen enfòmasyon enpòtan, dat, oubyen estati kalifikasyon konsènan reklamasyon Asistans Reyanbochaj ou. Li enpòtan pou ou konprann dokiman sa a. Dokiman sa disponib an kreyòl nan http://floridajobs.org/Unemployment/bri/BRI_Creole.pdf. Si ou pa li oswa konprann anglè rele 1-800-204-2418 pou sèvis tradiksyon gratis konsènan reklamasyon Asistans Reyanbochaj ou.

CHINESE TRADITIONAL / 中國 :

本檔包含與您的再就業援助申請相關的重要資訊、日期或資格有效狀態。請您務必理解本檔之內容。如果您閱讀或理解英語的能力有限，請撥電話 1-800-681-8102，取得與您的再就業援助申請相關的免費翻譯協助。

CHINESE SIMPLIFIED / 中文 :

本文件包含与您的再就业援助申请相关的重要信息、日期或资格有效状态。请您务必理解本文件的内容。如果您阅读或理解英语的能力有限，请拨电话 1-800-681-8102，获得与您的再就业援助申请相关的免费翻译协助。

JAPANESE / 日本語 :

この文書には、あなたの再雇用支援の申し立てに関する重要な情報、日付、または資格が示されています。必ずこの文書をよく読んで内容を理解してください。英語を読むことも理解することもできない場合は、お電話（1-800-681-8102）にてお問い合わせになり、再雇用支援の申し立てに関する無料の翻訳支援を受けてください。

VIETNAMESE / TIẾNG VIỆT :

Hồ sơ này có các thông tin quan trọng, ngày tháng, hoặc tình trạng điều kiện hội đủ về đơn đề nghị Hỗ Trợ Tìm Việc Làm của quý vị. Điều quan trọng là quý vị phải hiểu rõ hồ sơ này. Nếu quý vị không đọc hoặc hiểu được tiếng Anh, hãy gọi đến số 1-800-681-8102 để được hỗ trợ biên dịch miễn phí về đơn đề nghị Hỗ Trợ Tìm Việc Làm của quý vị.

ARABIC / العربية لغة :

يحتوي هذا المستند على معلومات مهمة أو تواريخ أو وضع الأهلية فيما يتعلق بدعوى المساعدة في إعادة التوظيف. ومن الأهمية لك أن تفهم هذا المستند. وإذا لم تقرأ النص الإنجليزي أو تفهمه، يرجى الاتصال على للحصول هاتف رقم: 1-800-681-8102 على الترجمة المتعلقة بدعوى المساعدة في إعادة التوظيف.

FARSI / فارسی :

این سند حاوی اطلاعات، تاریخها یا تقاضای واجدالشرايط بودن شما در مورد درخواست کمک هزینه استخدام مجدد شما می باشد. درک این سند برای شما مهم است. اگر نمی توانید به انگلیسی بخوانید یا انگلیسی نمی فهمید با شماره 1-800-681-8102 برای ترجمه رایگان در مورد تقاضای کمک هزینه استخدام مجدد خود تماس بگیرید.

RUSSIAN / РУССКИЙ :

В этом документе содержится важная информация, даты или сведения о статусе соответствия требованиям в отношении Вашего заявления о помощи в получении новой работы при увольнении. Важно, чтобы Вы поняли этот документ. Если Вы не можете прочесть текст на английском языке или не понимаете английский язык, позвоните по номеру 1-800-681-8102, чтобы получить бесплатные услуги перевода в отношении Вашего заявления о помощи в получении новой работы при увольнении.

Tab Dè Matyè

Lè ou ap Retounen Travay	1
Sevis Reyanbochaj ak Fòmasyon pou Travay	1
Pwogram Reyanbochaj Asistans-Revizyon Jeneral	2
Nimewo idantifikasyon Pèsonèl (PIN)	3
Aplike pou Asistans reyanbochaj.....	4
Apri ou Aplike.....	5
Revize Transkripsyon Sale ak Detèminasyon ou	6
Demann Pou Benefis Peman	7
Enskripsyon Pou Travay	8
Kondisyon Rechèch Travay yo.....	9
Rapòte Travay ak Sale ou.....	9
Kondisyon pou semèn ap tann	10
Metòd Peman.....	10
Taks Revni	11
Kondisyon Peman.....	11
Abitraj –Pwoblèm kalifikasyon ki ka afekte reklamasyon ou	12
Dwa Dapèl.....	13
Dwa sou enfòmasyon prive yo	14
Dwa pou opòtinite egal.....	14
Plent Diskriminasyon	14

Fòm

Fòm Pou Anrejistre Rechèch Travay yo

Fòm Pou Anrejistre Sale pou Chak Semèn yo

Fòm Avi Pou Fè yon Apèl

Lè ou ap Retounen Travay

Asistans Reyanchaj la bay asistans finansye pou yon ti tan pou ede moun ki kalifye pandan yon peryòd tranzisyon ak pou jwenn yon lòt travay. Nou konnen ke se objektif ou pou retounen travay é nou ankouraje ou pou kontakte sant CareerSource Florid ki nan zòn ou rete a pou asistans pou chèche travay ak fòmasyon pou travay

Eske mwen ka jwenn èd pou chèche travay?

Wi! Eta Florid la bay sèvis chomaj gratis ak asistans pou travayè ki pap travay, moun ki fenk gradye, ak moun ki ap chèche travay la pou premye fwa a.

sit entènèt nou an gen koneksyon sou plizyè bazdone sou anplwa lokal, leta ak nasyonal. Pou chèche travay, tanpri, ale sou: <http://www.EmployFlorida.com/>.

Sevis Reyanchaj ak Fòmasyon pou Travay:

Biwo Lokal One Stop Sant karyè ou a kapab refere ou bay yon djòb ki ap chèche moun ak/oswa yo ka kontakte ou pou fè yon evalyasyon sou sèvis ou resevwa yo. Yo ka seleksyone ou pou ou patisipe nan yon sèvis ke yo bay. Tout sistém lokal One-Stop Career Sant nan eta Florid la ofri fòmasyon pou travay ak sèvis anplwa bay moun ki ap chèche travay an rapò avèk anplwayè yo Sant karyè sa yo ofri:

- Sèvis konsèy pou chèche travay
- Tès ak evalyasyon
- Enfòmasyon sou pwofesyon ak sou mache travay la.
- Sesyon edikatif sou pwosesis pou chèche travay
- Referans pou anplwayè potansyèl
- Asistans sou fòmasyon pou travay

Vizite nan Sant CareerSource Florid la ki pi pre ou. Pou ka jwenn enfòmasyon sou sant karyè lokal yo ale nan sit <http://CareerSourceFlorida.com>

Pwogram Reyanbochaj Asistans-Revizyon Jeneral

Asirans Chomaj ki nan Florid la rele **Asistans Reyanbochaj**, ki reflekte objektif pou ede moun ki nan Florid la pandan peryòd yo pa ap travay ak asistans monetè epi pou ede yo jwenn travay ak fòmasyon nan sant CareerSource Florid yo

Asistans Reyanbochaj Pwogram la – Ki sa li ye:

- Ofri pou yon ti tan yon pati nan benefis pou ranplasman salè bay travayè ki kalifye ki pap travay san sé pa fòt pwòp yo.
- Sipòte establite ekonomik pou anplwayè ki depann sou depans konsomatè yo fè.
- Li finanse sèlman pa anplwayè ki peye taks federal ak taks pewòl leta yo.
- Li gratis pou travayè ki resevwa benefis yo.

Asistans Reyanbochaj Pwogram la – Ki sa li pa ye:

- Sekirite Sosyal.
- Yon dwa otomatik.
- Yon prè.
- Baze sou bezwen ou.
- Pou ranplase tout revni ou tap touche anvan yo.
- Li pa té finanse pa okenn dediksyon ki té sòti nan salè ou té fè yo



Pi bon fason ou ka ogmante chans pou ka jwenn travay se pou sòti nan konpetisyon yo, sa se pwofesyonèl mendèv nou ka ede w fè! Ou ka jwenn sant workforce ki pi pre ou sou sit <http://CareerSourceFlorida.com/>

Nimewo idantifikasyon Pèsonèl (PIN)

Ou dwe itilize avèk nimewo sosyal sekirite ou ak yon kat chif PIN pou ka ouvri sesyon an pou ka òganize reklamasyon ou la. Ou té etabli yon PIN ak kesyon sekirite yo lè ou té fè premye aplikasyon pou benefis la. PIN yo expire apre 90 jou. si ou gen bezwen chanje PIN ou pou nenpot rezon, ou ka chwazi opsyon "Bliye PIN" anvan ouvri sesyon an epi swiv direksyon yo pou ka refè PIN ou

Pou retabli PIN ou sou CONNECT ranpli etap sa yo:

Apre ou fin antre nimewo sosyal sekirite ou sou paj CONNECT la , chwazi "Bliye PIN" opsyon pou retabli PIN ou a apre ou fin verifye tout enfòmasyon ou yo. Si ou pa kapab retabli PIN ou rele nou nan 1-800-297-0586.

OSWA

Ou ka voye dokiman ou yo bay depatman pou yo ka verifye indantite ou. Tanpri voye yon kopi kat sosyal sekirite ou ki siyen ak yon kopi chofè lisans ou ki valab oswa yon ID leta. Tanpri ban nou 3 jou biznis pou nou kapab revize dokiman sa yo epi kontakte depatman nan 1-800-297-0596 pou verifye enfòmasyon ou yo

Faks: 321-332-6608

Imel: identityrequest@deo.myflorida.com

Pin ou a dwe konfidansyèl. Pa bay lòt moun nimewo PIN ou. Le ou bay moun nenpot moun nimewo PIN ou konpwomi sekirite kont ou a epi ou pral responsab pou tout bagay ki pase sou reklamasyon ou la

Asire ke PIN ou satisfè demann sa yo:

- Pin ou a dwe kat chif.
- PIN ou dwe fèt sèlman ak nimewo. Pa dwe sèvi ak lèt ak senbòl. PIN ou a pa kapab sèlman ak yon nimewo kòm (1111, 2222, 9999, etc.)
- PIN ou pa kapab kat chif sekans (1234, 2345, 6789, etc.)

Aplike pou Asistans reyanbochaj

Anvan ou aplike, asire ou gen tout enfòmasyon sa yo disponib:

- Nimewo Sosyal Sekirite ou
- Lisans Chofe oswa ID Leta ou
- Tout enfòmasyon kote ou té travay pandan 18 mwa:
 - Non, adrès, ak nimewo telefòn travay yo
 - Premye ak dènye jou travay ou
 - Lajan ou té fè nan travay yo (anvan taks) pandan dat ou té travay yo.
 - Rezon ou té separe ak travay yo
 - Nimewo ID taks travay yo (ou ka jwenn enfòmasyon sa sou fòm taks W2 oswa 1099 ou resevwa yo)
 - Si ou pa jwenn nimewo ID taks travay la ou ka sèvi avèk enfòmasyon ki sou dènye sous chèk ou yo

Anplis de sa, si ou se youn nan moun ki anba yo asire ke ou gen enfòmasyon sa yo disponib:

- Si ou pa yon citoyen Ameriken: nimewo kat rezidans ou oswa kat otorizasyon travay ou
- Anplwaye Militè yo: bezwen kat manm DD-214, 2, 3, 4, 5, 6, 7, oswa 8 kapab itilize
- Anplwaye Federal yo: bezwen kat SF 8 oswa SF 50
- Manm Inion yo: bezwen Non Inion, Nimewo Inion, ak Nimewo Telefòn Inion a

Enskri sou entènèt nan
<https://connect.myflorida.com/> pou ka jwenn akse ak enfòmasyon sou benefis Asistans Reyanbochaj ou a

Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou okipasyon demann segondè yo ak salè pou diferan nivo edikasyon. Kontakte sant pwofesyonèl mendèv ou a nan <http://careersourceflorida.com/>



Aprè ou Aplike

Ou gen anpil lòt bagay pou fè aprè ou fin ranpli aplikasyon pou reyanbochaj la:

- **Demann Pou Benefis Peman**

Ou gen pou retounen sou sistèm CONNECT la chak 2 semèn pou fè reklamasyon pou benefis peman. Ou dwe continue fè demann pou benefis peman ou menm lè reklamasyon an sou revizyon. **Li trè enpòtan pou ou fè reklamasyon pou peman yo pandan 7 jou aprè dat ou gen pou fè demann la kèlkeswa Kondisyon reklamasyon a.**

- **Workforce Enskripsyon**

Ou dwe anrejistre sou sit [Employ Florida Marketplace](#). Lè ou kreye (oswa chanje) pwofil ou sou sit Employ Florida Marketplace la, ou dwe bay yon **imel adrès ki valab**, ranpli **istwa travay**, epi transfere oswa **kreye yon rezime**, ou yo ki sou pwofil ou a. Tanpri tcheke enstriksyon yo [etap pa etap](#) pou plis enfòmasyon. **SI OU PA RANPLI ENREJISTREMAN AN KONPLÈ OU PA PRAL RESEVWA PEMAN OU YO.**

- **Kontak pou Rechèch Travay**

Ou dwe bay 5 kontak travay pou chak semèn ou ap fè reklamasyon a. Rapòte kontak sa yo pandan chak de semèn lè ou ap fè demann pou benefis yo.

- **Nenpòt kesyonè enkonplè**

Pandan pwosesis inisyal reklamasyon ou a, gen anpil kòmantè ki parèt konsènan kalifikasyon ou pou benefis yo. Tanpri siyen nan pwofil ou plizyè fwa chak semèn oswa tcheke lapòs si ou té chwazi US Mail pou wè pou si yo te mande pou plis enfòmasyon. Si ou resevwa yon demann pou plis enfòmasyon, tanpri ranpli fòm la epi soumèt li pi vit ke posib. Ou kapab ranpli nenpòt korespondans resevwa atravè lapòs sou entènèt. Ou ka fakse fòm ke ou ranpli an nan 1-877-934-1504.

- **Siveye pou avi detèminasyon monetè ou**

Avi sa a ap ofri detay sou kantite lajan benefis ou ka resevwa pou chak semèn yo (kantite lajan benefis chak semèn), total balans ki nan reklamasyon ou (maksimòm kantite lajan benefis), osi byen ke istwa salè ki etabli reklamasyon ou la.

- **Randevou ak ofis lokal Career Source Florid Sant La**

Aprè ou fin resevwa plizyè semèn pou benefis yo, yo pral bay ou yon randevou obligatwa ak ofis CareerSource Florid lokal ou a. Sa se yon sèvis ak ou menm sèl pou ede ou kreye yon plan pou retounen nan travay. Yo pral voye yon avi pou randevou pa lapòs pou ou, tanpri asire adrès ou nan **CONNECT** ak [Employ Florida Marketplace](#) pwofil ou yo korèk. Si ou pa ale nan randevou sa, li pral lakòz yo fè yon revizyon sou kalifikasyon ou e sa ka lakòz yon dele oswa yo refize benefis ou yo.

Revize Transkripsyon Sale ak Detèminasyon ou

Lè ou konplete aplikasyon pou Asistans Reyanbochaj ou a, CONNECT pral kalkile dwa monetè ou epi ou pral jwenn yon kopi Transkripsyon Salè e Detèminasyon ou sou sit CONNECT la ak/oswa pa lapòs.

Transkripsyon Salè e Detèminasyon bay ou enfòmasyon sou sa ki anba yo:

- Ki jan yo detèmine kantite lajan benefis ou a.
- Ki Kantite lajan ou pral resevwa pou chak semèn
- Kredi ou genyen ki Disponib, se montan maksimòm ou ka resevwa pou chak Ane Benefis.
- Dat ane benefis ou fini ki reprezante yon ane apre dat ou té fè aplikasyon ou la.

Peryòd pou reklamasyon ou la baze sou 4 nan 5 trimès ki sot pase anvan reklamasyon pou benefis ou a komanse. Ou dwe fè yon minimòm de \$ 3,400 pandan peryòd baz reklamasyon ou la. Trimes ou gen plis lajan multipliyè pa 1.5 pa sipoze pi plis ke total ou fè pandan peryòd baz la.

Ki jan Peryòd Baz la kalkile

Si reklamasyon ou la komanse pandan dat sa yo:	Peryòd de baz ou a ap:
Janvye 1 jiska Mas 31	Oktòb 1 jiska Septanm
Avril 1 jiska Jen 30	Janvye 1 jiska Desanm 31
Jiyè 1 jiska Septanm 30	Avril 1 jiska Mas 31
Oktòb 1 jiska Desanm 31	Jiyè 1 jiska Jen 30

Yon ane sivil divize pa 4 trimès:

trimès 1	trimès 2	trimès 3	trimès 4
Janvye	Avril	Jiyè	Oktòb
Fevriye	Me	Out	Novanm
Mas	Jen	Septanm	Desanm

Enpòtan

Transkripsyon Salè e Detèminasyon endike kalifikasyon potansyèl ou pou benefis la. Ou ta dwe respekte Kondisyon yo bay ou nan paj anba.

Rapòte tout erè ki sou **Transkripsyon Salè e Detèminasyon** ou la lè ou mande pou yon rekonsiderasyon pou monetè. Tanpri tcheke dèyè paj transkripsyon a pou enstriksyon pou ka fè demann pou yon rekonsiderasyon. Please refer to the back of the wage transcript for instructions on requesting reconsideration.

Detèminasyon sou Salè yo ap pral final sof si ou mande yon rekonsiderasyon monetè oswa yon odyans apèl pandan **20 jou** ki vini apre dat detèminasyon an té distribye.

Demann Pou Benefis Peman

Ou dwe tcheke **mesaj yo** ki sou paj CONNECT Bwat Resepsyon Moun K'ap Reklame yo, ki ap fè ou konnen ki lè pou mande pou peman benefis ou.

Ou pral bezwen ale sou CONNECT pou ka fè demann pou benefis Asistans Reyanchaj la chak 2 semèn. Ou pa pral touche okenn lajan si ou pa fè demann pou benefis yo pandan 7 jou apre dat ou té gen pou reklame benefis yo.

Si nimewo sekirite sosyal ou fini pa chif pè, ou pral fè reklamasyon pou benefis pou premye 2 semèn yo nan jou Lendi. Si nimewo sekirite sosyal fini chif enpè, ou pral fè reklamasyon pou benefis pou premye 2 semèn yo nan jou Madi.

Jou nan semen pou fè demann pou benefis ou anvan yo fè premye peman

Dènnye kat chif Nimewo Sosyal Sekirite	Jou nan semèn nan
Chif Pè (0, 2, 4, 6, 8)	Lendi
Chif Enpè (1, 3, 5, 7, 9)	Madi

Yon fwa ou resevwa premye peman, Dat pou fè reklamasyon ou a pral chanje tou depann de 4 dènnye chif nimewo sekirite sosyal ou. Enfòmasyon ki anba yo pral bay ou jou ki ann akò ak 4 dènnye chif nimewo sekirite sosyal ou pou kapab fè reklamasyon ou la. Sa se premye jou nan semèn la ou ka fè reklamasyon pou benefis ou la.

Jou nan semèn ou kapab fè reklamasyon pou benefis ou apre ou jwenn premye peman

Dènnye kat chif Nimewo Sosyal Sekirite	Jou nan semèn nan
0000-1999	Lendi
2000-3999	Madi
4000-6999	Mèkredi
7000-9999	Jedi



Aprè ou fen fè demann pou benefis ou ale nan paj CONNECT Bwat Resepsyon Moun K'ap Reklame pou ka jwenn pwochen dat pou fè demann ou a. Ou dwe fè demann ou a pandan 7 jou apre dat ou té gen pou fè demann ou a

Enskripsyon Pou Travay

Ou dwe anrejistre pou travay sou entènèt avek Employ Florida Marketplace la anvan ou reklame semèn chomaj yo pou kapab resevwa benefis asistans reyanbochaj la. Employ Florida Marketplace la sitiye sou sit www.employflorida.com. Ou ka jwenn aksè ak enskripsyon a apre ou antre nan connect epi ale sou opsyon "enskripsyon mendèv" nan meni prensipal la.

Le ou ap kreye oswa mete ajou Pwofil EFM ou a:

- Ou dwe bay yon **imèl adrès ki valab**
- ranpli **istwa travay** ou yo
- transfere oswa **kreye yon rezime**

Ou ka li enstriksyon en detay sou jan ou ka ranpli pwofil la le ou ale sou www.employflorida.com epi klike sou bouton "Enstriksyon pou RA Enskripsyon Pou Travay Konplè" ki nan kwen a dwat nan tèt paj la.

Remak: Ou ka egzante pou fè enskripsyon travay la si ou:

- Pa kapab ranpli enskripsyon travay la sou entènèt akòz ou iletre oswa yon anpèchman ak yon lang (pou rezon ki nan egzansyon sa a, le ou iletre gen ladan enkapasite pou li efektivman, konprann, epi ekri lang Angle, lang Espanyòl oubyen Kreyòl pou efektivman itilize yon òdinatè).
- Gen yon andikap fizik oswa mantal.
- Si ou pa abite nan Florid.
- Sou ranvwa pou yon ti tan, ki pa pral depase 8 semèn apre dènye dat te travay pou anplwayè a.
- Yon manm inion ki abitye jwen travay nan yon sal sendika anbochaj.
- Yon patisipan nan yon plan Konpansasyon Tan Kout ki te apwouve
- Legalman entèdi pou sèvi avèk yon òdinatè.



Employ Florida Marketplace kapab ede ou matche ak yon travay, fòmasyon, oswa lòt sèvis yo ofri nan Sant CareerSource yo. Enskri jodi a!

Kondisyon Rechèch Travay yo

Ou dwe fè kontak ak 5 anplwaye pou chak semèn epi kenbe enfòmasyon yo avèk ou. Ou dwe bay detay enfòmasyon kontak sa yo lè ou ap fè reklamasyon pou benefis ou a.

- Dat ou kontakte anplwaye a
- Jan ou kontakte anplwaye a (si ou ale an pèsonn, sou entènèt, faks, telefòn, etc.)
- Non anplwaye a ak telefòn e adrès konplè li, sit entènèt oswa yon imel
- Rezilta rechèch la
- Kalite travay ou ap chèche

Yon fason efikas pou kontakte anplwaye yo se lè ale sou Employ Florida Marketplace la ki nan employflorida.com, sou entènèt sistèm leta ki matche ou ak travay kote ou kapab fè rechèch pou dè milye de afichaj djòb epi aplike pou travay.

Pou moun ki fè reklamasyon ki ap viv nan rejyon yo ki gen yon popilasyon 75,000 oswa mwens nimewo minimòm kontak pou travay pou chak semèn se omwen 3 pou chak semèn pou asistans chomaj nou mande ou.

Oswa

Si ou pa ka jwenn tout 5-anplwaye pou semen la ou kapab ale fè yon reyinyon ak yon reprezantan nan sant CareerSource Florid lokal ou a pou sèvis chomaj pou ka satisfè kondisyon rechèch travay pou semèn la

Rapòte Travay ak Sale ou

Ou dwe rapòte salè pou semèn ou té travay la menm si ou poko touche li. Ou dwe rapòte sale total ou anvan taks. Semèn pou fè demann pou Asistans Reyanbochaj la komanse nan Dimanch epi li fini nan Samdi. Si salè total pou tan pasyèl ou pi plis pase \$58 yo pral peye ou yon pati nan kantite lajan benefis pou chak semèn ou a. Si salè total ou pou semèn la pi plis ke kantite lajan benefis pou chak semèn yo ou pa pral touche lajan benefis pou semèn sa.

- Ou bezwen rapòte **tout lajan** ou fè pou chak semèn yo.
- Menm si ou té travay pou yon inèdtan oswa pou yon jounen, ou dwe rapòte kantite lajan ou té fè.
- Si ou té ale pou fòmasyon oswa yon oryantasyon pou travay, ou dwe rapòte lajan ou té fè pou semèn ou té ale a .
- Konsèy ak prim yo konsidere kòm revni ou touche. Ou dwe rapòte revni sa a.
- Ou dwe rapòte sale ou pou semèn ou té travay yo si ou se yon travayè endepandan.

Nenpòt ki travay ak salè ou pa rapòte ka lakòz yo fè yon detèminasyon pou peman anplis pou fwòd. Fwod nan Asistans Reyanbochaj la se yon krim de twazyèm degre epi yo ka fè yon pouswit nan Biwo Avoka Leta.

Si ou gen kesyon sou kòman pou rapòte travay ak sale ou, rele nou **1-800-204-2418** pou asistans.



Nou tcheke reklamasyon Asistans Reyanbochaj la regilyèman pou asire ke benefis yo peye yo ann

Kondisyon pou semèn ap tann

Premye semèn ou reklame a ke ou kalifye rele **semèn ap tann** sof si ou diskalifye oswa inelijib pou benefis la. Ou pa pral touche pou semèn sa. Pou semèn ap tann la yo pa retire lajan sou balans benefis ou a

Metòd Peman

Yon fwa yo detèmine reklamasyon ou la peyab, ou gen de opsyon pou resevwa peman benefis ou a

Opsyon 1: Kat Debi

Opsyon 2: Depo Dirèk sou kont bank ou

Ou ka chanje opsyon ou resevwa peman benefis ou le ou ap fè reklamasyon pou semen yo. Antre nan kont CONNECT ou a epi chwazi opsyon **Gade ak Konsève Enfòmasyon Kont ki sou meni navigasyon** an ki sou bò gòch la

Si ou gen kesyon sou kat debit Way2Go a, ou dwe rele liy sèvis kliyantèl la nan **1-833-888-2780**.

Remak: Ou gen yon kantite apèl gratis avèk debi kat founisè a pou chak mwa. Yo pral chaje ou sou debi kat ou si ou depase kantite apèl ou ka fè pou chak mwa yo. Ou gen akse san limit si ou tcheke balans kat ou gratis sou sit entènèt www.GoProgram.com. Tanpri revize materyèl la sou sit entènèt la pou plis enfòmasyon konsènan kat ou.



Taks Revni

Reyanbochaj Asistans benefis la konsidere kòm revni taksab. Ou gen de opsyon konsènan taks revni. Si ou chwazi pou nou retire taks peman ou yo, nou ap kenbe 10 pousan sou benefis yo peye ou pou chak semèn yo. Pa gen okenn lòt pousantaj ki otorize sou dediksyon sa.

Pou séleksyone oswa chanje opsyon ou, tanpri chwazi youn nan opsyon anba yo:

Opsyon 1: Itilize CONNECT pou ka fè seleksyon ou yo

1. Louvri sesyon kont CONNECT ou a
2. Chwazi **Gade ak Konsève Enfòmasyon Kont** ki sou meni CONNECT la, epi klike sou **Metòd Peman ak Opsyon pou Dediksyon Taks**
3. Séleksyone bouton ki make **Korije** pou ka chwazi **wi** oswa **non** si ou vlé nou retire taks sou lajan.
4. Ou kapab chanje opsyon ou jiska 2 fwa pou chak ane.

Opsyon 2: Si ou kalifye pou ajans asistans, tanpri kontakte nou pou nou ka ede ou nan **1-800-681-8102**.

Nan chak fen mwa Janvyè, ou pral resevwa yon Fòm IRS 1099G pa lapòs ki gen tout rapò kantite lajan benefis yo té peye ou ak taks dediksyon yo té pran sou lajan pandan ane anvan. **Li trè enpòtan pou asire ke adrès ou aktyèl sou reclamation ou la pou yo ka voye Fòm 1099G nan adrès korèk ou.**

Kondisyon Peman

Pou ka jwenn enfòmasyon otomatik konsènan reklamasyon ou la, tankou dat ak kantite dènye peman ou, chwazi youn nan opsyon anba yo.

Opsyon 1: Itilize CONNECT pou ka fè seleksyon ou yo

1. Louvri sesyon kont CONNECT ou a
2. Chwazi **Gade ak Konsève Enfòmasyon Kont** ki sou meni CONNECT la, epi klike sou **Istorik Peman**
3. Chwazi **Gade ak Konsève Enfòmasyon Kont** ki sou meni CONNECT la, epi klike sou **Detay sou Benefis pa Semèn** pou ka we detay sou tout semen ou touche yo.

Opsyon 2: Rele nimewo **1-800-204-2418** epi swiv enstriksyon yo pou enfòmasyon espesifik sou reklamasyon ou la.

Abitraj – Pwoblèm kalifikasyon ki ka afekte reklamasyon ou

Lè depatman an resevwa enfòmasyon sou reklamasyon ou lan ki bezwen revize:

- Nou pral refere reklamasyon ou la bay yon abit pou yon detèminasyon sou kalifikasyon ou.
- Nou ka kontakte ou pou plis enfòmasyon pa telefòn, imel oswa lapòs.
- Nou pral fè yon desizyon separe pou chak pwoblèm ak separasyon travay ou ki ka afekte reklamasyon ou la.

Lè investigasyon a fen konplete, pral gen yon let detèminasyon ki pral disponib elektwonikman ak/oswa pa lapòs pou eksplike sitiyasyon kalifikasyon ou. Pou kalifye pou benefis yo, ou ta dwe té pèdi travay ou san se pa pwòp fòt ou.

- Si yo detèmine ou kalifye sou tout pwoblèm yo, ou pral resevwa peman pou semèn ou té reklame yo.
- Si yo refize peye ou let detèminasyon a pral eksplike ou rezon pou refi ak dwa apèl ou yo.
- Si ou pa dakò avèk yon desizyon ki diskalifye ou pou benefis yo ou ka fè yon apèl.

Anba la se kek rezon ki kapab diskalifye ou:

Lè ou kite travay la

- Arasman/Konfli nan travay la – Lè ou pa té fè okenn efò pou rezoud pwoblèm yo.
- Satisfaksyon avèk travay la – Ou pa kontan ak travay ou a e ou kite li pou jwenn yon nouvo travay.
- Abandon – ou pa ale nan travay epi ou pa avèti anplwaye a ak/oswa ou pa té swiv lwa konpayi a.

Lè travay la revoke ou

- Pèfòmans travay ou – Ou pa te fè okenn efò rezonab pou amelyore pèfòmans travay ou/sa anplwaye a te espere de ou
- Dwòg / Alkòl Tès – le ou testé pozitif pou dwòg / alkòl
- Vòl / pwopriyete domaj – Yo te kenbe ou ap vòlè / domaje pwopriyete konpayi a

Pwoblèm ak Peman Revokasyon

- Revokasyon Peman- peman prestasyon ki ka diskalifye ou pou resevwa peman Asistans Reyanbochaj ou a jiska ke le peman prestasyon an fini
- Pansyon – Benefis ki sòti nan yon pansyon ke yo dedui kont benefis si yo kontribye nan reklamasyon ou la.

Pwoblèm Kapasite ak Disponibilite

- Vwayaj – Ou te kite zòn lokal ou pou rezon pèsònèl e ou pa te gen okenn entansyon pou déménajé
- Gadri - Ou pa gen aksè ak gadri ki lakòz ou pa ka al chèche ak aksepte travay
- Santé - Maladi oswa aksidan pou majorite semèn nan, ki enkli lè ou rete nan lopital



Ou ta dwe fè demann pou benefis ou nan dat yo bay ou a menm si reklamasyon ou lan sou revizyon. Si ou pa fè demann pou benefis ou alè, sa pral lakòz yon pèt nan benefis pou semèn ou yo.

Dwa Dapèl

Si gen yon detèminasyon ki te fèt ki refize benefis ou yo, ou ka mande yon odyans administratif ki fèt pa yon abit apèl nan Biwo Apèl yo. **Si detèminasyon an te apwouve benefis ou yo, youn nan ansyen anplwaye ou yo ka mande pou fè yon apèl.**

Ou gen 2 opsyon pou mande yon odyans apèl:

Opsyon 1: Pou mande yon odyans apèl itilize CONNECT

1. Louvri sesyon kont CONNECT ou a.
2. Chwazi **Detèminasyon, Pwoblèm ki Annatant ak Rezime Desizyon** (ki sou bò gòch nan meni CONNECT la) epi klike sou **Chan Vizyon Apèl**.
3. Seleksyone detèminasyon ou ta vlé fè yon demann dapèl pou li a.

Opsyon 2: Pou fè yon apèl alekri konplete fòm" [Notifikasyon pou Apèl](#)" la ki nan seksyon fòm yo ki nan tiliv dapèl la.

Si ou voye li pa lapòs, yo pral sèvi ak dat ki parèt sou envlòp la kòm dat soumisyon an. Si ou fakse li, dat nou resevwa faks ou a pral sèvi kòm dat soumisyon an menm si dat la diferan ak dat transmisyon faks la.

Lè nou fin fè demann pwosesis ou a, nou pral voye pa lapòs yon [Bwochi avèk Enfòmasyon Dapèl yo](#) ak Avi pou Odyans la pou ou. Bwochi sa pral bay ou enfòmasyon espesifik sou pwosedi pou odyans apèl ou a.

Yon fwa odyans apèl la konplete, ap gen yon desizyon alekri ki pral distribye pou enfòmè ou sou rezilta a. Si ou pa dakò avèk desizyon apèl la, ou ka mande pou yon revizyon avèk Asistans Reyanbochaj Komisyon Apèl la pa faks nan (850) 488-2123 oswa ale nan <https://raaciap.floridajobs.org/>. Komisyon an pa pral fè yon lòt odyans. Li pral revize reklamasyon dokiman yo ak odyans dosye a . Si ou te rate yon odyans pou yon rezon valab, ou ka mande pou yon nouvo odyans lè ou ekri odyans ofisye a oswa swiv direksyon ki sou CONNECT la.



Ou dwe fè tout demann pou yon odyans apèl pandan 20 jou sivil apre dat yo te fè detèminasyon an

Dwa sou enfòmasyon prive yo

Dapre lalwa, enfòmasyon sou reklamasyon Asistans Reyanbochaj ou yo konfidansyèl epi nou pa kapab bay okenn moun enfòmasyon ou yo eksepte a ou menm, nenpòt anplwayè ki patisipe nan reklamasyon ou la, ajans gouvènman ki nan pouswit nan devwa yo ki piblik, oswa an koneksyon avèk reklamasyon konpansasyon pou travayè yo nan ki ou se yon pati yo. Apre yon odyans apèl fin fèt, dosye odyans yo ak desizyon la abityèl apèl la vin dosye piblik.

Dwa pou opòtinite egal

Kòm yon benefisyè asistans finansye fédéral, li kont lalwa pou depatman sa fè diskriminasyon kont ou pou rezon swivan sa yo:

- Kont nenpòt moun ki nan Etazini yo sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik, oswa kwayans.
- Kont nenpòt benefisyè ki nan pwogram finansye ki jwenn asistans sou Tit I nan Envestisman nan Mendèv.
- Lwa nan 1998 (WIA), ki bazé sitwayènte benefisyè a / estati kòm yon imigran légal ki admèt ki otorize pou travay nan Etazini, oswa / patisipasyon li nan nenpòt pwogram oswa aktivite WIA Tit I ki bay asistans finansye.

Depatman sa pa gen dwa fè diskriminasyon sou nenpòt nan domèn swivan yo:

- Pran desizyon kilès li pral admèt oswa ki pral gen aksè nan nenpòt pwogram oswa aktivite nan WIA-Tit I ki jwenn asistans finansye.
- Bay opòtinite nan, oswa trete nenpòt moun ki nan jan de pwogram, tankou pwogram oswa aktivite sa.
- Fè desizyon sou anplwa nan administrasyon oswa desizyon ki gen rapò avèk jan de pwogram oswa aktivite sa a.

Plent Diskriminasyon

Si ou panse ou te yon viktim diskriminasyon nan yon pwogram oswa aktivite WIA Tit I ki jwenn asistans finansye, ou ka soumèt yon konplent sou 180 jou apatide dat swadizan vyolasyon an te fèt la; ou ka soumèt plent nan swa avèk:

Office for Civil Rights (OCR)
Department of Economic
Opportunity
Caldwell Building - MSC 150
107 East Madison Street
Tallahassee, Florida 32399-4129
Faks: 850-921-3122
Imèl: civil.rights@deo.myflorida.com

The Director
Civil Rights Center (CRC)
U.S. Department of Labor
200 Constitution Avenue NW - Room N-4123
Washington, DC 20210

Lis Rechèch Travay yo

SEMÈN 1					
Dat mm/dd/aa	Non Anplwaye a, Adrès, Telefòn, Imel oswa Sit Entènèt	Ki Jan ou Kontakte Anplwayè a	Ak Ki Moun ou Te Pale	Ki Kalite Travay ou ap chèche	Ki Rezilta Kontak la
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
SEMÈN 2					
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date
		<input type="checkbox"/> Mail <input type="checkbox"/> Email <input type="checkbox"/> Fax / Phone <input type="checkbox"/> In Person <input type="checkbox"/> Internet			<input type="checkbox"/> Awaiting callback <input type="checkbox"/> Hired <input type="checkbox"/> No response <input type="checkbox"/> Not hiring <input type="checkbox"/> Promised hire date

Fòm Pou Kalkile Salè Pou Chak Semèn yo

Si ou travay pandan ou ap fè reklamasyon a pou benefis yo, ou dwe rapòte kantite lajan ou fè pandan semèn sa. Ou pa dwe rete tann se lè ou resevwa chèk ou. Fòm anba ka ede ou kalkile lajan ou fè pou chak semèn yo si ou bezwen fè kalkil yo. Pou rezon benefis, yon semèn reklamasyon toujou kòmanse nan Dimanch epi li fini nan Samdi apre a.

Fòm Pou Anrejistre lajan ou fè pandan semèn la

Semèn 1 Dat:

	Dimanch	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi	Total Lajan ou Touche	Lajan yo peye pa Lè	Total Lajan Anvan Taks
Lè Nòmal ou Travay									X\$	=\$
Lè Siplemanchè									X\$	=\$
Poubwa /Ak Lòt Lajan ou Touche										=\$
								Total Lè	Total Lajan ou fè	

Semèn 2 Dat:

	Dimanch	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi	Total Lajan ou Touche	Lajan yo peye pa Lè	Total Lajan Anvan Taks
Lè Nòmal ou Travay									X\$	=\$
Lè Siplemanchè									X\$	=\$
Poubwa /Ak Lòt Lajan ou Touche										=\$
								Total Lè	Total Lajan ou fè	

Earnings Notes:

- 1.) Pran kantite total Èdtan Regilye te travay pou semèn nan epi miltipliye li pa kantite lajan ou fè pa lè.
- 2.) Si sa aplikab, pran kantite total èdtan Lè Siplemanchè te travay pou semèn nan epi miltipliye li pa kantite lajan ou fè nan lè siplemanchè.
- 3.) Si sa aplikab, pran kantite total tips / Lòt lajan ou touche pou semèn nan epi ajoute total sa ak total ou touche a.

BIWO APÈL YO

AVI APÈL

Fòm sa kapab itilize pou fè apèl kont desizyon yon egzaminatè pou yon odyans Apèl yo li **pa kapab** depoze nan yon biwo lokal “one-stop”. **Fòm sila pa deziyen pou li itilize lè w’ap depoze yon apèl nan Kou Dapèl Distri-a .**

AVI POU MOUN YO K’AP FÈ REKLAMASYON: Ou dwe kontinye reklame, menm si yo te refize w benefis; otreman, yo p’ap kapab peye w benefis adisyonèl. **Poze tout kesyon konsènan reklamasyon ou nan (800) 204-2418.**

TANPRI BAY ENFÒMASYON KI ANNAPRE YO:

Nimewo Sekirite Sosyal Moun k’ap reklame a: _____ Non moun k’ap
reklame a _____ Telefòn: _____ Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Non Anplwayè(si sa aplikab): _____

Nimewo Kont (si w konnen li): _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Moun pou Kontakte :
_____ Telefòn: _____ **REPREZANTAN – Si ou ap depoze onon yon**

pati, bay enfòmasyon sila yo:

Non Repezantan : _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Moun pou Kontakte: _____ Telefòn: _____

DEMANN ODYANS AK YON JIJ

MWEN AP FÈ APÈL KONT DETÈMINASYON KI TE PÒSTE _____ . (Mete yon kopi si

li disponib.) Apèl yo dwe depoze nan espas 20 jou kalandriye a pati dat sila. Sinon, endike rezon yo ki fè ou depoze li anreta. Dat pou depoze a pral baze sou dat so lapòs oswa, si li fakse, dat li te resevwa lè yo te mete so DEO a sou li.

Mwen fè apèl paske :

() Mwen bezwen yon tradiktè. Di ki lang : _____.

Siyati: _____ Enprime Non: _____ Dat: _____ Mwen se: () yon moun
k’ap reklame; () reprezantan yon moun k’ap reklame; () yon anplwayè; () reprezantan yon anplwayè

PÒSTE OSWA FAKSE FÒM SA BAY:

D.E.O. Office of Appeals

PO Box 5250

Tallahassee, FL 32399-5250

Fax: (850) 617-6504

***DEKLARASYON KONFIDANSYALITE**

Enfòmasyon ou bay Depatman sa a se volontè ak konfidansyèl men li nesèsè nan pwosesis reklamasyon w la. Annakòdans avèk Kòd Revni Entèn 1986 la, Lwa Sekirite Sosyal la, , 42 U.S.C. 1320b-7(a)1, ak s. 443.091(1)(h), F.S divilgasyon nimewo Sekirite Sosyal ou obligatwa. Nimewo Sekirite Sosyal ap itilize pa Depatman an pou fè rapò benefis ou resevwa yo bay sèvis la Revni Entèn kòm revni potansyèl taksab yo. Daprè Lwa Rediksyon Defisit Federal la, yon amandman nan Lwa Sekirite Sosyal Federal la, ak 5 U.S.C. 552a (o)(1)(D), enfòmasyon ou founi yo pral sijè a verifikasyon atravè pwogram òdinatè nou yo e yo ka bay enfòmasyon sou salè w ak reklamasyon a lòt jans federal, leta oswa local oubyen kontraktè yo pou verifikasyon elijiblite nan lòt pwogram gouvènman yo pou asire ke benefis te beny peye e pou rezon estatistik ak rechèch.

Yon Anplwayè/Pwogram ki BayTout Moun Menm Opòtinite. Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann pou moun ki enfim.

Form: Office of Appeals Notice of Appeal Rule 73B-20.003 F.A.C. Form # DEO – A100(C) (01/14)